



## Fòm demann enskripsyon endividyèl

Tanpri kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP) si w bezwen enfòmasyon nan yon lòt lang oswa nan yon lòt fòma (pa egzanp an bray).

<b>Kiyès ki ka itilize fòm sa a?</b>	Moun ki gen Medicare ki vle enskri nan yon plan Medicare Advantage
<b>Pou enskri nan yon plan, se pou w:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki prezan legalman nan peyi Etazini an.</li> <li>Rete nan zòn sèvis plan an.</li> </ul> <p><b>Enpòtan:</b> Pou enskri nan yon plan Medicare Advantage, ou sipoze genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Ni Medicare Pati A (asirans lopital).</li> <li>Ni Medicare Pati B (asirans medikal).</li> </ul>
<b>Kilè mwen sipoze itilize fòm sa a?</b>	<p>Ou kapab enskri nan yon plan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Ant dat 15 oktòb ak 7 desanm chak ane (pou asirans lan ka kòmanse 1ye janvyè).</li> <li>Nan lespas twa mwa apre ou jwenn Medicare.</li> <li>Nan kèk sityasyon, yo gendwa pèmèt ou enskri oswa chanje plan yon lòt lè.</li> </ul> <p>Ale sou <b>www.medicare.gov</b> pou konnen kilè ou ka enskri nan yon plan.</p>
<b>Kisa m ap bezwen pou m ranpli fòm sa a?</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Nimewo Medicare w (se nimewo ki sou kat Medicare w, yon kat ki gen koulè wouj, blan ak ble).</li> <li>Adrès kote ou rete a ak nimewo telefòn ou.</li> </ul> <p><b>Atansyon:</b> Se pou w bay tout enfòmasyon yo mande nan seksyon 1. Enfòmasyon yo mande nan seksyon 2 yo fakiltatif. Yo pa p ka refize w plan asirans lan si w pa bay enfòmasyon sa yo.</p>
<b>Rapèl:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Si w vle enskri nan yon plan pandan peryòd enskripsyon ouvè a nan sezon otòn (15 oktòb rive 7 desanm), plan an sipoze resevwa fòm ki ranpli a 7 desanm pou pi ta.</li> <li>Plan w pral voye yon bòdwo ba w pou prim plan an. Ou ka chwazi pou yo retire peman prim ou yo sou kont an bank ou oswa sou benefis sekirite sosyal (oswa Railroad Retirement Board) ou jwenn chak mwa a.</li> </ul>
<b>Kisa k ap rive kounye a?</b>	<p>Apre ou ranpli epi ou siyen fòm nan, voye l bay:</p> <p>AmeriHealth Caritas VIP Care P.O. Box 7137 London, KY 40742-9732</p> <p>Yo pral kontakte w apre yo trete demann enskripsyon w.</p>
<b>Kijan mwen ka jwenn èd pou ranpli fòm sa a?</b>	<p>Rele AmeriHealth Caritas VIP Care nan <b>1-800-858-1487</b>. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele <b>711</b>.</p> <p>Osinon, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (<b>1-800-633-4227</b>). Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan <b>1-877-486-2048</b>.</p> <p>En espagnol: Llame a AmeriHealth Caritas VIP Care al <b>1-800-858-1487/711</b> (TTY) o a Medicare gratis al <b>1-800-633-4227</b> y oprima el 2 para asistencia en español y un representante estará disponible para asistirle.</p>
<b>Moun ki sanzabri</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Si w ta renmen enskri nan yon plan men ou pa gen okenn kote ou rete, nou gendwa itilize bwat postal ou, adrès yon chèltè oswa yon klinik, oswa yon lòt adrès kote ou konn resevwa lèt (tankou chèk sekirite sosyal yo) kòm adrès domisil pèmanan w.</li> </ul>

Selon lwa yo rele Paperwork Reduction Act yo te pase an 1995, pèsòn pa oblije reponn yon demann enfòmasyon si demann sa a pa gen yon nimewo kontwòl OMB ki valid sou li. Nimewo kontwòl OMB ki valid pou demann enfòmasyon sa a se 0938-1378. Nou estime w ap bezwen 20 minit pou chak repons pou bay enfòmasyon nou mande yo. Sa gen ladan l tan ou bezwen pou li enstriksyon yo, pou fè rechèch nan sous done ki egziste yo, pou rasanble done ou bezwen yo, pou bay enfòmasyon yo e pou repase yo. Si w gen remak pou fè poutèt sa pran plis oswa mwens tan oswa si w gen sijesyon pou amelyore fòm sa a, tanpri ekri nan adrès sa a: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850. **ENPÒTAN Pa voye fòm sa a ni okenn lòt dokiman ki gen enfòmasyon pèsònèl ou yo (tankou demann ranbousman, peman, dosye medikal, elatriye) bay PRA Reports Clearance Office. N ap detwi nenpòt dokiman nou resevwa ki pa gen rapò ak fason nou ka amelyore fòm sa a oswa demann enfòmasyon an (jan sa endike nan OMB 0938-1378). Nou pa p kenbe l, nou pa p li l epi nou pa p voye l bay plan an. Gade seksyon "Kisa k ap rive kounye a?" sou paj sa a pou voye fòm ou ranpli a bay plan an.**

## SEKSYON 1 — TOUT CHAN YO SOU PAJ SA A SE CHAN KI OBLIGATWA (SOF SI YO ENDIKE LI FAKILTATIF).

CHWAZI PLAN OU VLE ENSKRI NAN LI A:

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO SNP) — \$0 pa mwa

Non fanmi:	Prenon:	Inisyal dezyèm prenon an (fakiltatif):	<input type="checkbox"/> Msye <input type="checkbox"/> Madam <input type="checkbox"/> Madmwazel
Dat nesans: (MM/JJ/AAAA):		Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	
Nimewo telefòn:			
Adrès domisil pèmanan (pa bay yon bwat postal; nòt: pou moun ki sanzabri yo, nou gendwa aksepte yon bwat postal pou adrès domisil pèmanan w):			
Vil:			
Konte (fakiltatif):		Eta:	Kòd postal:
ADRÈS POSTAL (SI LI PA MENM AK ADRÈS PÈMANAN W (OU KA ITILIZE yon bwat postal)			
Adrès:			
Vil:		Eta:	Kòd postal:

## ENFÒMASYON MEDICARE W YO

Nimewo Medicare:

## REPONN KESYON ENPÒTAN SA YO

Èske ou pral gen yon lòt asirans pou medikaman sou preskripsyon yo (tankou VA, TRICARE) anplis AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP)?

**Wi**  **Non**

Non lòt asirans lan:

Nimewo manm nan pou asirans sa a:

Nimewo gwoup la pou asirans sa a:

Èske ou enskri nan pwogram Medicaid Eta w la?

**Wi**  **Non**

Si w reponn “wi,” tanpri bay nimewo Medicaid ou:

## ENPÒTAN: LI EPI SIYEN ANBA A

- Mwen dwe kenbe ni asirans lopital la (Pati A) ni asirans medikal la (Pati B) pou rete nan AmeriHealth Caritas VIP Care.
- Lè mwen enskri nan plan Medicare Advantage sa a (MA), mwen rekonèt AmeriHealth Caritas VIP Care pral pataje enfòmasyon m yo avèk Medicare, epi Medicare gendwa itilize yo pou suiv enskripsyon mwen, pou voye peman yo ak nan lòt objektif ki otorize anba lwa federal ki pèmèt yo jwenn enfòmasyon sa yo (gade deklarasyon sou lwa ki rele Privacy Act la anba a). Ou pa oblije bay okenn repons sou fòm sa a. Sepandan, si w pa reponn, sa gendwa anpeche w enskri nan plan an.
- Mwen konprann mwen ka enskri nan yon sèl plan MA alafwa, epi enskripsyon mwen nan plan sa a ap otomatikman kanpe enskripsyon mwen nan nenpòt lòt plan MA (gen ekspesyon ki aplike pou plan MA PFFS ak MA MSA yo).
- Mwen konprann, lè plan AmeriHealth Caritas VIP Care mwen an antre an vigè, mwen sipoze jwenn tout swen medikal ak medikaman sou preskripsyon m yo atravè AmeriHealth Caritas VIP Care. Plan an ap kouvri benefis ak sèvis AmeriHealth Caritas VIP Care bay yo ki mansyone nan dokiman “Prèv asirans” (Evidence of Coverage) AmeriHealth Caritas VIP Care a (yo konn rele dokiman sa a kontra manm oswa kontra souskripsyon tou). Ni Medicare ni AmeriHealth Caritas VIP Care p ap peye pou benefis oswa sèvis ki pa kouvri.
- Selon tout sa mwen konnen, enfòmasyon ki sou fòm enskripsyon sa a se enfòmasyon ki kòrèk. Mwen konprann, si m ta bay fo enfòmasyon sou fòm sa a, y ap dezenskri m nan plan an.
- Mwen konprann sityati mwen (oswa siyati moun ki gen otorizasyon legal pou aji nan non mwen) sou aplikasyon sa a vle di mwen te li epi mwen konprann tout sa ki sou aplikasyon sa a. Si se yon reprezantan otorize (jan sa dekri anwo a) ki siyen l, siyati sa a sètifye:
  - 1) Moun sa a otorize anba lalwa Eta a pou l fè enskripsyon an, epi
  - 2) Mwen gen dokiman ki montre moun sa a otorize mwen ka voye bay Medicare si li ta mande m sa.

Siyati:	Dat jodi a:
<b>Si se reprezantan otorize ou ye, siyen anwo a epi ranpli chan sa yo:</b>	
Non:	
Adrès:	
Nimewo telefòn:	Relasyon avèk moun ki enskri a:

## SEKSYON 2 — Tout chan yo sou paj sa a se chan ki fakiltatif.

Se ou ki pou chwazi si w ap reponn kesyon sa yo. Yo pa p ka refize w plan asirans lan si w pa bay enfòmasyon sa yo.

Èske ou Ispanik, Latino oswa Panyòl? Chwazi tout sa ki aplike.

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Non, mwen pa Ispanik, Latino-Ameriken oswa Panyòl | <input type="checkbox"/> Wi, Meksiken, Meksikano-Ameriken, Chikano |
| <input type="checkbox"/> Wo, Pòto-Riken                                    | <input type="checkbox"/> Wi, Kiben                                 |
| <input type="checkbox"/> Wi, lòt Ispanik, Latino oswa Panyòl               |  |
| <input type="checkbox"/> <b>Mwen chwazi pa reponn.</b>                     |  |

Ki ras ou? Chwazi tout sa ki aplike.

- |   |  |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Amerendyen ak moun natif natal Alaska Azyatik: | <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afwo-Ameriken            |
| <input type="checkbox"/> Endyen azyatik                                 | Moun natif natal Away oswa zile Pasifik yo:                |
| <input type="checkbox"/> Chinwa   | <input type="checkbox"/> Moun Gwam oswa Chamowo            |
| <input type="checkbox"/> Filipino                                       | <input type="checkbox"/> Moun natif natal Away             |
| <input type="checkbox"/> Japonè   | <input type="checkbox"/> Moun Samowa                       |
| <input type="checkbox"/> Koreyen  | <input type="checkbox"/> Moun natif natal lòt zile Pasifik |
| <input type="checkbox"/> Vyetnamyen                                     | <input type="checkbox"/> Blan                              |
| <input type="checkbox"/> Moun lòt nasyon Azi                            | <input type="checkbox"/> <b>Mwen chwazi pa reponn.</b>     |

Ki sèks ou? Chwazi youn.

- |   |   |                                   |
|---|---|-----------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Fi                               | <input type="checkbox"/> Gason                        | <input type="checkbox"/> Non-binè |
| <input type="checkbox"/> Mwen itilize yon lòt ekspresyon: | <input type="checkbox"/> <b>Mwen chwazi pa reponn</b> |                                   |

Nan sa ki vin annapre yo, kisa ki pi byen dekri fason ou wè tèt ou? Chwazi youn.

- |   |   |   |
|---|---|---|
| <input type="checkbox"/> Lesbyèn oswa gey                 | <input type="checkbox"/> Etewoseksyèl, sètadi ni gey ni lesbyèn | <input type="checkbox"/> Biseksyèl                    |
| <input type="checkbox"/> Mwen itilize yon lòt ekspresyon: | <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen                         | <input type="checkbox"/> <b>Mwen chwazi pa reponn</b> |

Chwazi youn si w vle nou voye enfòmasyon nan yon fòm aksesib ba w.

- |                               |                                      |                                  |                                  |
|-------------------------------|--------------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Bray | <input type="checkbox"/> Gwo karaktè | <input type="checkbox"/> CD odyo | <input type="checkbox"/> CD done |
|-------------------------------|--------------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|

Tanpri kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care nan **1-800-858-1487** si w bezwen enfòmasyon nan yon fòm aksesib ki pa mansyone anwo a. Orè biwo nou ant dat 1<sup>ye</sup> oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt; ant dat 1<sup>ye</sup> avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele 711.

Èske w ap travay?  Wi  Non Èske mari/madanm ou ap travay?  Wi  Non

Endike kiyès ki doktè prensipal ou (PCP), klinik ou oswa sant sante w:

Adrès imèl:

<b>Pou moun k ap ede moun ki vle enskri a ranpli fòm sa a sèlman</b>
Ranpli seksyon sa a si w se yon moun (sètadi yon ajan, yon koutye, yon konseye SHIP, yon manm fanmi oswa yon lòt moun) k ap ede moun ki vle enskri a ranpli fòm sa a.
Non:
Siyati:
Relasyon avèk moun ki enskri a:
Nimewo pwodiktè nasyonal (pou ajan/kouye yo sèlman):

<b>Pou itilizasyon ofisyèl sèlman:</b>		
Non anplwaye a oswa ajan an (si moun sa a te ede w enskri):		
Nimewo idantifikasyon plan an: 001	Dat plan an antre an vigè:	
Dat aplikasyon an:		
<input type="checkbox"/> ICEP/IEP	<input type="checkbox"/> AEP	<input type="checkbox"/> SEP <input type="checkbox"/> MA OEP
Pa kalifye:	Lòt:	
Nimewo NIPR:	Nimewo idantifikasyon ajan an:	Nimewo ekriti ajan an:
Siyati ajan an:		

**An jeneral, ou ka enskri nan yon plan Medicare Advantage sèlman pandan peryòd enskripsyon ouvè a, soti 15 oktòb rive 7 desanm chak ane.** Genyen kèk eksepsyon ki ka pèmèt ou enskri nan yon plan Medicare Advantage nan yon lòt lè.

Tanpri li deklarasyon ki vin annapre yo avèk anpil atansyon epi tcheke nenpòt kare si deklarasyon ki mache avè l la aplike pou ou. Lè ou tcheke nenpòt kare, se sètifye ou sètifye, selon tout sa ou konnen, ou kalifye pou benefisye yon peryòd enskripsyon. Si nou ta konstakte enfòmasyon sa a pa kòrèk pi devan, nou gendwa dezenskri w.

- Mwen poko enskri nan Medicare.
- Mwen enskri nan yon plan Medicare Advantage epi mwen ta renmen chanje plan pandan peryòd enskripsyon ouvè Medicare Advantage la (MA-OEP).
- Mwen fèk demenaje deyò zòn sèvis plan mwen oswa mwen fèk demenaje epi plan sa a se yon nouvo opsyon pou mwen. Mwen demenaje nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk soti nan prizon. Mwen soti nan prizon nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk retounen viv Ozetazini apre mwen te abite nan yon domisil pèmanan deyò peyi Etazini an. Mwen retounen Ozetazini nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk jwenn papye prezans legal Ozetazini. Mwen jwenn papye sa a nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk gen yon chanjman nan Medicaid mwen (mwen jwenn Medicaid, nivo asistans medikal mwen an chanje oswa mwen pèdi Medicaid) nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk gen yon chanjman nan èd siplemantè mwen jwenn pou peye pou asirans pou medikaman sou preskripsyon Medicare a (mwen jwenn èd siplemantè, nivo èd siplemantè mwen an chanje oswa mwen pèdi èd siplemantè a) nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen gen ni Medicare ni Medicaid (oswa Eta a ede m peye prim Medicare m yo), oswa mwen jwenn èd siplemantè a pou peye pou asirans pou medikaman sou preskripsyon Medicare mwen, men pa gen chanjman ki fèt.
- Mwen pral demenaje, mwen rete oswa mwen fèk soti nan yon etablisman swen alontèm (tankou yon mezon retrèt). Mwen te/pral demenaje pou antre/soti nan etablisman an nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk soti nan yon Program of All-Inclusive Care for the Elderly (PACE) nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen fèk pèdi asirans pou medikaman sou preskripsyon mwen ka jwenn kredi pou li san m pa t vle sa (yon asirans ki gen omwen menm nivo ak Medicare). Mwen pèdi asirans pou medikaman mwen an nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen pral kite asirans anplwayè a oswa sendika a ban mwen nan dat \_\_\_\_\_.
- Mwen patisipe nan yon pwogram asistans famasi mwen jwenn nan men Eta a.
- Plan mwen an pral kanpe kontra li genyen avèk Medicare a oswa Medicare pral kanpe kontra li genyen avèk plan mwen an.

Fòm demann enskripsyon endividyèl

- Medicare (oswa Eta mwen) te enskri m nan yon plan men mwen vle chwazi yon lòt plan. Mwen te enskri nan plan sa a apati dat \_\_\_\_\_.
- Mwen te enskri nan yon plan pou moun ki gen bezwen espesyal (SNP), men mwen pa kalifye pou plan sa a ankò. Mwen dezenskri nan SNP a depi dat \_\_\_\_\_.
- Yon ijans oswa yon gwo katastwòf (depi se Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA) oswa yon lòt òganizasyon gouvènman federal, Eta oswa lokal ki te deklare l) afekte mwen. Genyen youn nan lòt deklarasyon sa yo ki aplike pou mwen, men mwen pa t kapab voye demann enskripsyon mwen an akòz katastwòf la.

Si okenn nan deklarasyon sa yo aplike pou ou oswa si w pa konnen, tanpri kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care nan **1-800-858-1487** (TTY 711) pou konnen si w kalifye pou enskri. Nou ouvri ant dat 1<sup>ye</sup> oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt; ant dat 1<sup>ye</sup> avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.

#### **DEKLARASYON SOU LWA KI RELE PRIVACY ACT LA**

Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS) ranmase enfòmasyon nan men plan Medicare yo pou suiv benefisyè ki enskri nan plan Medicare Advantage (MA) yo, pou amelyore swen yo e pou peye benefis Medicare yo. Seksyon 1851 ak 1860D-1 nan lwa ki rele Social Security Act la ak seksyon 42 CFR §§ 422.50 ak 422.60 yo otorize nou pou n ranmase enfòmasyon sa yo. CMS gendwa itilize, divilge epi echanje done sou enskripsyon li jwenn sou benefisyè Medicare yo jan sa endike nan System of Records Notice (SORN) "Medicare Advantage Prescription Drug (MARx)", sistèm n° 09-70-0588. Ou pa oblije bay okenn repons sou fòm sa a. Sepandan, si w pa reponn, sa gendwa anpeche w enskri nan plan an.

243816561\_HCR (8/24)